


# QARAQALPAQLARDA DÁSTÚRIY TOY MÁRESIMLERI

**Joldasbaeva.G.A**
**Nókis qalası 4-sanlı ulıwma bilim beriw mektebiniń tariyx páni oqıtıwshısı**
https://doi.org/10.5281/zenodo.11047768

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 17-aprel 2024 yil
Ma'qullandi: 19-aprel 2024 yil
Nashr qilindi: 23-aprel 2024 yil
**KEY WORDS**
*qalıń mal, soǵım, qáde, "kúyewlew" yamasa "esik ashar", "qalta qaraw", neke qıyıw máresimi, PHAJ*

**ABSTRACT**
*Bul maqalada qaraqalpaq dástúriy toy máresimleri hám olardıń áhmiyeti haqqında sóz etilgen. Sonday-aq, toy máresimlerimizdiń bir bólegi bolǵan qádeler hám ertedegi "xına toyı", "esik ashar" sıyaqlı dástúrler haqqında maǵlıwmatlar berilgen*

Qaraqalpaq xalqı óziniń milliy úrp-ádetleri, salt-dástúrleriniń ózine tánligi hám de rán-báreńligi menen basqa xalıqlardan ajıralıp turadı. Dástúrlerimizdiń hár biri óz aldına bahalılıqqa, qunlıqqa iye bolıp, turmısımızdıń ajıralmas bólegin quraydı. Bulardıń ishinde úyleniw toyı dástúrleri ornı ayırıqsha esaplanadı. Óytkeni, xalqımız ushın shańaraq ullı esaplanadı. Sonlıqtan, shańaraq máselesine úlken itibar beriledi. Al, toy barısında ótkeriletuǵın toy dástúr máresimleri bekkem shańaraqtıń qurılıwına, eki ortada qurılıp atırǵan tuwısqanshılıq baylanısınıń bekkemleniwine xizmet qıladı desek qátelespeymiz. Kelin tańlawdan baslap kúyewdiń úyinde bolatuǵın toy aralıǵında kóp ǵana bir-birine uqsamaytuǵın máresimler ótkeriledi.

Qaraqalpaqlarda dástúr boyınsha toyǵa hám de qızdı kúyew balanıń úyine uzatıwǵa tek ǵana qalıń mal tolıǵı menen tólengen jaǵdayda ruxsat beriletuǵın bolǵan. Toy qarsańında jigittiń úyinde qonaqlar, aǵayin tuwısqanları, qońsıları, jigittiń tanısları hám dosları "oramal toy" dep atalatuǵın bayramǵa jıynalıp baslaydı. Hár bir kelgen adam toydı ótkeriwge kómeklesiw ushın ózi menen qanday-da bir sawǵa alıp kelgen. Bul kúni kelinniń úyinde de bayram (xına toy) shólkemlestirilip, kelgen tuwısqanlardı, kelinniń dosların miyman qılǵan. Kelinge de usı kúni shańaraǵına járdem boladı dep, hár túrli sawǵalar berilgen. Óytkeni óz gezeginde kelin ómirlik joldasınıń úyine barǵanında bos barmay,onıń barlıq tuwısqanlarına sawǵa beriwi tiyis edi. Toy aldı jigittiń ata-anası kelinniń úyine mal jibergen yaki jigittiń ózi awıldıń jası úlken hám óz jora-joldasları menen qoy yamasa ógizdi alıp barǵan (soǵım).

T.A.Jdanko óziniń "Каракалпаки Хорезмского оазиса" miynetinde: "Bul dáwirde ámelge asırılatuǵın dástúrlerdiń ishinde máresimge tek kelińniń shańaraǵı ǵana emes, pútkil onıń urıwı qatnasıwın xarakterlewshi máresimler júdá qızıq bolıp, ásirese soǵ (soǵım) dástúri sonnan ibarat, kelin urıwınan belgili bir adam kúyew bala alıp kelgen ógizdi soyıwı hám onı awıldıń barlıq turǵınlarına bólip beriwi kerek edi. Gósh awıldıń barlıq turǵınına berilgen,

azǵana bir bólek bolsa da, hámmege jetkiziliwi tiyis edi” dep maǵlıwmat bergen edi.[1] Bunnan basqa, jigit bul kúni kelinniń jaqın tuwısqan hayal-qızlarına sıylıqlar (ádette kóylek) alıp keliwi kerek bolǵan. Toyda qatnasıwshı basqa hayallar, kúyew baladan kelin ushın tólem retinde “qáde” alǵan.

Sonı da aytıp ótiw kerek, bul waqıt aralıǵın qız benen jigit jasırın túrde ushırasatuǵın bolǵan. Bul “kúyewlew” yamasa “esik ashar” dep aytılǵan. Qazaqlarda bul “esik ashar”, ózbeklerde “kalluk” yaki “kannıx”, tájiklerde “kıngolıbozi” dep aytılǵan.[2] Biraq kúyewdiń qızǵa keliwin qızdıń ata-anasıda, hátte pútkil awıl bilgen, bıraq bunı sezbegenlikke alatuǵın bolǵan. Jaslardıń kórisetuǵın ornı qız jeńgesiniń úyi esaplanǵan. Bul joqarıda aytıp ótkenimizdey, qız benen jigittiń arasındaǵı baylanıs kópiri jeńge bolǵanlıǵınıń dáliyli esaplanadı.

Házirgi kúnde bunday “kúyewlew”, “esik ashar” dástúrleri ushıraspaydı. Jaslar ózleri qálep, bir-birin tanıp neke quradı hám de toy beriw burıngıday uzaqqa sozılmaydı. Házirde ádette úylener aldı jigit tárep qalıń maldı aldınnan tayarlaydı yaki bolmasa bólip-bólip beredi. Yaǵnıy qalıń maldıń tolıq tólep bolıwın kútpey-aq toyǵa ruxsat beriledi.

Qalıń maldıń jartısı tólengen soń toydıń keyingi dástúri “esik ashar” ámelge asırılǵan. Kúyew qalıń maldıń yarımın tólep bolgan soń kelinniń úyine tanısıw ushın dosları menen keliwi múmkin bolǵan. “Esik ashar” ushın keletuǵınlar sanı jeti adam bolǵan. Bunday taq bolıwı, kelin yaǵnıy qalıńlıqta olardıń adamı esaplanıp tez arada kelin boladı hám sonıń esabı menen olardıń sanı jup boladı.“Esik ashar”dan aldın basqa dástúr ótkerilgen. Bul dástúr “xınatoy” dep atalǵan. Bunday atalıwına sebep kelin, kúyew menen kóriser aldı qolın xına menen bezeytuǵın bolǵan. Soń óziniń dosları menen jeńgesi basshılıǵında ushırasıw ornı etip belgilengen qásiyetli orınǵa (meshit, mazar) barǵan. Óz gezeginde kúyewde óz dosları menen sol jerge barǵan hámde jeńge olardı tanıstıratuǵın bolǵan. Nege degende, kópshilik jaǵdaylarda jigit penen qız bir-birin birinshi márte usı jerde kórgen. Soń olar qásiyetli orındı aylanıp zıyaratlap shıǵıwı kerek bolǵan.

Hazirgi kúni bul máresim derlik umıtılǵan. Jası úlkenlerdiń eske túsiriwleri boyınsha bul dástúr kelinniń kúyew menen birinshi ushırasıwı esaplanıp toy máresimleri qatarınan áhmiyetli orın iyelegen. Waqıttıń otiwi menen bul máresim júda eski hám onı ótkeriwge zárúrlik joq dep esaplanǵan. Shını menen de, onıń ótkerilmey qalıwı aqıbetinde bul máresim haqqında derlik kópshilik adamlar bilmeydi.

Kúyew tárep kelin úyine ózleri menen birge qalıńlıqtıń awıllasları ushın arnawlı qáde yaǵnıy mal, chay, qant h b zatlar alıp keliwi kerek bolǵan. Jigit qalıńlıq awılına kirgen soń arnawlı “qalta qaraw” dástúri ótkerilgen. Kelin tárepten qońsı hayallar kúyewdi kútip alıp onıń qaltaların qaraytuǵın bolǵan. Ádette kúyew bir qaltasına aqsha, ekinshisine qant, chay hb zatlar salıp qoyatuǵın bolǵan. Bulardıń hámmesi hayallar tárepinen alınıp, soń kúyew balaǵa awılǵa kiriwge ruxsat beriledi. Bul tuwralı Q.Ayımbetov óziniń miynetinde: “Attıń bókteriwleri alındi qorjınların kóterilip ákelinip jigit aǵası onıń ishindegi shiy bawırsaq aralas qaq erikti ortadaǵı dásturxannıń ústine tógip atır. Taǵı bir qorjınlardaǵı “nabat qutı”dep atalatuǵın ishinde nabatı bar kishkene aǵash qutı ortaǵa taslanıp, qutılardıń qaqpaqları úlken-úlken pıshaqlar menen ashılıp atır. Usı waqıtta jigit aǵası menen qız jeńgeleri arasında “túyedey qız berip, túymedey et

[1] Жданко. Т.А. Каракалпаки Хорезмского оазиса. Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции. Изд-во АНСССР. М., 1952 С.517
[2]Бекмуратова. А. Быт и семья каракалпаков в прошлом и настоящем. Изд “Каракалпакия”. Н.,1970. С. 67.

jemedik, azda bolsa kóptey kór, taqanda bolsa sóktey kór" qusaǵan naqıl, juwap, ilme qarmaq sózlerde aralasıp júrdi" –dep jazǵan edi.[3]

Kúyew balanıń "qaltasın qaraw" dástúri házirgi kúnde de xalıq arasında ken' tarqalǵan máresimlerdin biri. Bunda qız tárepten hayallar jigit hám oǵan basshı bolıp kelgen jigit aǵasın kútip alıp, qaltasın tekseredi. Ádette kúyew balanıń bir qaltasın qızdıń bir aǵayini, ekinshi qaltasın bir qońsısı qarap, qádesin aladı. Sońbolsa kúyew balaǵa úyge kiriwge ruxsat beriledi.

Qaraqalpaqlarda qádelerdiń kóp ǵana túrleri bolǵan. Ásirese kúyew bala kelinniń awılına hám úyine kelgeninde qáde alınǵan. Kúyew balanı jolda qız-jigitler, hayallar, erler kútip alıp, onnan kelinge barar jolın dawam etiw ushın qáde "jol júrgizer" talap etken. Kúyew awılg'a kirgen soń bir neshe jerde qáde alıw ushın toqtatılatuǵın bolgan. Máselen, kópirden óter kezi "kópir qáde" alınǵan bolsa, awılǵa kiretuǵın waqıt "el abay", jánede úyge kirer aldı "esik ashar" qáde sıyaqlı bir neshe qádeler alınǵan. Jáne sonday qádelerden biri "kempir óldi "qáde esaplanadı. Bunda kúyew hám onıń dosların bir kempir kútip alǵan hám bosaǵa ǵa ózin ólgenge salıp jatıp alǵan, qáde berilmegenshe sol taqillette jatqan. Kúyew bolsa úyge kire almay, qádesin beriwge májbúr boladı. Bul qádelerdiń barlıǵı házirgi kúnde de toy máresimlerimizdiń ajıralmas bólegi bolıp esaplanadı. Bul máresimler úlken hám kishi de birdey qızıǵıwshılıq payda etedi.

Jigit úyge kirgizilgen soń jortaǵa ishi tútinge tolı xanaǵa kirgiziledi. Hawanı tútinnen tazalaw ushın kúyew tárep jáne bir qáde "ot jaǵar qáde" bergen. Soń kúyew otırıw ushın qáde bergen. Sol waqıt kúyew tárep otırıp úlgermesten kishkene balalar kelip ózleri ushın "shabdırma qáde" alsa, awıldıń jas jigitleri kúyew baladan geshtek shólkemlestiriw ushın "baqsı bayraq qáde", qońsı erler kirip "erler qáde"sin alǵan.

Kúyew úyge kirgen soń úydiń oń jaǵında óz joldasları menen otırǵan. Ol úyge kim kirip, kim shıqsa qasındaǵı jigitleri menen birge orınlarınan ushıp turıp qayta otıradı. Sol waqıtta awıldaǵı bir epli,shaqqan kelinshek kúyewlerdiń artınan jasırınıp barıp, kúyewdiń shapanınıń etegin ol otırǵan kiyizge iyne-jip penen kóklep, esik ashılıp, kúyew bala ornınan tura bergende astına tóselgen kiyiz ózi menen birge kóterilip, kúyew qısınıp sılq etip ornına otırıp qaldı, bul jaǵdaydı kútip turǵan qız-kelinshekler shaqaq urısıp kúlisedi.[4] Soń, hayallar kúyew tárep alıp kelgen zatlardı bólisip alatuǵın bolǵan. Sonı aytıp ótiw kerek, bul qádelerdiń muǵdarı jigit aǵasınıń shaqqanlıǵı tapqırlıǵına baylanıslı bolıp, ol qáde beriw barısında óziniń sózge ustalıǵı menen qáde muǵdarın bir qansha azaytıwı da múmkin bolǵan.

Kóp sanli qádeler berilgen soń, kúyew tárep ushın janlıq soyılıp, awqat tayarlanǵan. Biraq bul jerde de óz aldına beriliwi kerek bolǵan qáde bolǵan. Kúyew tárep aspazga ot jaqqanı ushın "oshaq qáde" beriwi lazim bolǵan. Soń kúyew bala hám doslarına jeńge basshılıǵında sol awıldıń qızları kelip, dástúr boyınsha kúyew bala keliwi múnásibeti menen "otırıspa" ótkerilgen. Otırıspa barısında da bir qansha ózin uslaw qádeleri bolıp olarǵa ámel etiw lazım bolǵan

Kúyew balaǵa awqat tartıwda da bir qansha qaǵıydalar bolǵan. Mısal ushın, "tós" tek ǵana kúyew balanıń payı bolǵan hám ol ushın "pıshaq qáde" beriwi kerek bolǵan. Sonday-aq dástúriy etiket qaǵıydaları boyınsha ol "tós"tiń bárin jemey, kelinniń doslarına "sarqıt" qaldırıwı shárt bolǵan.

Awqatlanıp bolǵan soń keyingi máresim-neke qıyıw ótkerilgen. Ayırım maǵlıwmatlarǵa kóre neke qıyıw kóbinese kúyewdiń úyinde "bet ashar"dan soń ótkerilgen. Biraq, bul ertedegi

---

[3]Айымбетов. Қ. Халық даналығы. Н., "Қарақалпақстан". 1988. Б.235.
[4] Айымбетов. Қ. Халық даналығы. Н., "Қарақалпақстан". 1988. Б.235.

qaraqalpaq toy dástúrleri ushın xarakterli bolmay, neke qızdıń ákesiniń úyinde oqılǵan. Kúyew esik ashqannan soń sol aqshamı neke qıyıw dástúri de baslanadı. Neke qıyıwda hár eki tárepten tiyisli eki gúwa qatnasıwı kerek bolǵan. Ádette gúwa sıpatında kúyew tárepten kúyew menen kelgen aldınnan saylanǵan eki jası úlken adam, al kelin tárepten bolsa sol awıldan saylanǵan eki aqsaqal qatnasatuǵın bolǵan. Ol adamlardıń gúwa bolıwına jigit penen qızdıń razılıǵı kerek bolǵan.

Neke barısında molla dáslep jaslardan óz razılıǵın soraǵan, olardıń razılıǵın alǵan soń gúwalardan razılıq alatuǵın bolǵan. Razılıq alınǵan soń, molla kesege suw quyadı hám oǵan qızdıń ákesi bir yaki eki teńge saladı. Molla duwa oqıydı, bunnan soń birinshi ózi, keyinnen kúyew hám kelin tárepten gúwalar suwdan ishedi. Bul suw “neke suwı” dep atalǵan.[5] Bul kesege gúmis teńgeler salıp qoyılatuǵın bolıp, onı molla neke oqıp bolǵan soń hám ózine alatuǵın bolǵan. Úydegi jigit-qızlar da suwdan náwbet penen ishken. Neke qıyılǵan soń kelin hám kúyew erli-zayıp esaplanǵan.

Qaraqalpaqlarda úrpke aylanǵan is neke qıyılıp bolǵannan keyin kelin–kúyewge mazalı suw ishkiziledi[6].

Hazirgi kúnge kelip jaslar nekeden PHAJ (ZAGS) bóliminen ótiwdi maqul kóredi. PHAJdan ótken soń olar nızamlı túrde erli-zayıp esaplanadı. Biraq kópshilik jaǵdaylarda, shóriyatqa boysınıp diniy neke qıyıw máresiminde ámelge asırıladı, sonıń menen birge nızamlı PHAJ bólimin de nekesin rásmiylestiredi.

Neke qıyılǵan soń kelindi jeńgeleri kúyewge tapsırǵan. Bunda da dástúr boyınsha birqansha qádeler bolǵan. Kúyew jeńgege “qol uslatar”, “shash sıypar”, “shımıldıq baylar”, “tósek salar”, sonday-aq jaslardı qorǵaw ushın dep “it ırıldaw” [7]sıyaqlı qádeler beretuǵın bolǵan. Qızdıń qasında qaysı jeńge qalıwı kerek ekeni tuwralı olar arasında biraz tartıslar bolıp turǵan. Óytkeni “qol uslatar” qádeni qızdıń qasında qalǵan jeńgesi alatuǵın edi.

Barlıq máresimler ámelge asırılǵan soń kúyew bala hám onıń dosların shıǵarıp salıwǵa hayal qızlar jıynalatuǵın bolǵan. Hayallar kúyew baladan jolǵa túser waqtı qáde alǵan. Ol barlıq máresimlerdi sózsiz orınlawı lazım bolǵan. Onıń ústinen házillesisetuǵın bolǵan, al kúyew balanıń qarsılılıq bildiriwge hesh qanday huqıqı bolmaǵan. Qızlar kúyew dosları ushın attıń erin ózleri islep bergen. Ádette olar házillesip attan jıǵıltıw ushın, jortaǵa attıń erin bos qılıp islegen yaki erdiń astına súyek qoyǵan. Al, kúyew tárepten kelgenler bunı bilsede qarsılıq bildirmegen. Kúyew balanı hám kúyew bala tárepten kelgenlerdi sınaw hám masxaralawǵa qaratılǵan dástúrleri qońsı qazaqlar turmısında da ushırasadı. Usıǵan baylanıslı kóbirek maǵlıwmatlardı A.A.Divaeva hám I.Altınsarina jumıslarınan tabıwǵa boladı.[8] Barlıq dástúrler (basqa kóplegen toy máresimleri sıyaqlı) eski dáwirdegi matrilokallıq nekeden patrilokallıqqa ótiw dáwirine barıp taqaladı. Olar ózleriniń jerles qızınıń óz tuwılǵan awılınan basqa, bolajaq kúyewiniń awılına uzatılıp ketip baratırǵanına óz qarsılıǵın bildirip atırǵanday kórinedi.

Kúyew atqa minerinde qızdıń bir jeńgesi qızdı uslap qalıp “záńgi basar” qáde alatuǵın bolǵan. Sol menen, jaslardıń birinshi ushırasıwı, “esik ashar” máresimi óz sońına jetken. Bunnan soń kúyew bala qalıń maldı tólep bolaman degenge shekem qalıńlıǵın kóriw ushın kelip turıwǵa haqlı bolǵan.

---

[5] Полевая запись №13 за 1960. Кунградский район.

[6] Аметнизов Нурмухаммедтиң. Дала жазыўлары.2017-жыл, январ айы №1

[7]Есбергенов Х, Атамуратов. Т. Традиции и их преобразование в городскому быту каракалпаков. изд-во “Каракалпакстан”. Н.,1975. С.73

[8].Диваев. А.А. О свадебном ритуале киргизов (казахов) Сыр-Дарьинской области. Казань, 1900. С. 10-17.

"Esik ashar" máresiminindegi qádelerdiń hár qaysısı hár qıylı mánige iye bolǵan. Mısalı ushın, kúyewdiń kelinniń úyine shekem jolında kóp ǵana tosıqlardıń bolıwı kúyew hám de onıń doslarınıń jolın tosıw, olarǵa qarsı emes, kerisinshe jawız ruwxlardı aldaw hám olardan kúyew balanı qorǵaw bolǵan.[9]

Máresim barısında qáde alıwdıń hayallardan baslanıp keyin kishkene balalar, erler, qızlar tárepinen dawam ettiriwi sol dáwirdegi jasqa qarap bóliniwshilik, sonday-aq urıwlıq jámiyetke tán qásiyetler bolıp belgilenedi. Sonday-aq kúyew balanı saltanatlı kútip alıwdan olardı shıǵarıp salıwǵa shekemgi barlıq máresimlerde hayal-qızlardıń aktiv qatnasıwı dıqqatqa ılayıq. Olar atqa ózleri er salıwı, ózleriniń ózin tutıwı sóylew manerasınıń ústinligi, ótkeriletuǵın otırıspa barısında erler tárepinen berilgen jumbaq sózlerge ózleriniń tapqırlıǵı menen juwap beriwleri bulardıń barı sonı kórsetedi hayallar erler menen teńdey bolıp, kóp ǵana shańaraq máresimlerin ótkeriwde tiykarǵı orındı iyelegen.

"Esik ashar"maresimi XX ásırdiń 30-40 jılları umıtılıp baslaydı. Óytkeni, bul uzın hám mashaqatlı máresim ornına bir qansha ıqshamlastırılǵan formada turmısqa engizile basladı. Qudalıq "esik ashar" maresimindegi birqansha qısqartılǵan ótkeriletuǵın dástúrlerdi óz ishine qamtıp, toy barısınıń áhmiyetli hám juwapkershilikli bólimine aylandı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Айымбетов. Қ. Халық даналығы. Н., "Қарақалпақстан". 1988.
2. Аметнизов Нурмухаммедтиң. Дала жазыўлары.2017-жыл, январ айы №1
3. Бекмуратова. А. Быт и семья каракалпаков в прошлом и настоящем. Изд "Каракалпакия". Н.,1970.
4. Диваев. А.А. О свадебном ритуале киргизов (казахов) Сыр-Дарьинской области. Казань, 1900.
5. Есбергенов Х, Атамуратов. Т. Традиции и их преобразование в городскому быту каракалпаков. изд-во "Каракалпакстан". Н.,1975.
6. Жданко. Т.А. Каракалпаки Хорезмского оазиса. Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции. Изд-во АНСССР. М., 1952
7. Кагаров. Е.Г. Состав и происхождение свадебной обрядности. Сборник Музея антропологии и этнографии, т.VIII. изд-во АН ССР. Л., 1929.
8. Полевая запись №13 за 1960. Кунградский район.

[9] Кагаров. Е.Г. Состав и происхождение свадебной обрядности. Сборник Музея антропологии и этнографии, т.VIII. изд-во АН ССР. Л., 1929. С.150.